

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sisindiran mangrupa salasihiji hasil kabudayaan anu aya di masarakat Sunda, anu nepi ka kiwari masih kénéh aya tur kaasup kana sastra lisan. Saenyana istilah sisindiran téh geus aya ti mimiti abad ka-16. Éta katerangan kaunggel dina naskah kuno *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*,

“Hayang nyaho di sakwéh ning kawih ma: kawih bwatuha. Kawih panjang, kawih lalangan. Kawih panyamaran, kawih sisi(n)diran, kawih pengpeledan, bongbong kaso, pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih igel-igelan; sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.”

Dina éta naskah, geus aya informasi ngeunaan sisindiran, ngan baé disebutna kawih sisindiran. Sisindiran dina sastra Sunda sarua jeung *pantun* dina sastra Melayu atawa Indonesia (Wibisana, dkk. 2000, kc. 431).

Iskandarwassid (2016, kc. 222) nétélakeun yén sisindiran nyaéta wangun ugeran (puisi) heubeul, atawa puisi tradisional, anu kauger ku wangun jeung purwakanti. Dumasar wangunna, aya nu disebut *rarakitan*, *paparikan*, jeung *wawangsalan*. Unggal pada sisindiran diwangun ku bagian cangkang jeung bagian eusi; réana padalisan cangkang sarua jeung réana padalisan eusi. Boh rarakitan boh paparikan eusina réréana piwuruk jeung silihasih, sedengkeun wawangsalan mah diwangun ku dua padalisan anu cangkang jeung eusina pakait ku wangsalsal anu murwakanti.

Kiwari, sisindiran geus ditransformasi kana wangun tulisan. Ieu hal dikasangkutungan ku sababaraha faktor, di antarana ku kamajuan jaman, arus modérnisasi, jeung lingkungan masarakat. Hal éta bisa dititénan tina komunikasi urang Sunda nu beuki dieu beuki togmol atawa poksang ceplak pahang. Béda jeung kabiasaan urang Sunda harita anu resep ngaraéh (baca: malibirkeun) omongan dina komunikasi (patali marga).

Kaayeunakeun sisindiran téh réréana kapanggih dina pintonan seni. Upamana baé, dina kasenian calung, réog, wayang, jrrd. Saenyana mah lain baé

sakadar hiburan, tapi pintonan seni sisindiran nu dipidangkeun ku para seniman téh ngandung ajén linuhung. Éta ajén linuhung téh bisa kapaluruh gumantung kana tujuan atawa udagan tina pintonan nu dipidangkeun. Atuh ngaliwatan seni, eusi sisindiran nu nganyerikeun atawa tugenah téh bisa ditarima ku pamiarsa. Sajaba ti éta, sisindiran minangka karya sastra bisa dijadikeun alat kritik sosial dina wangun komunikasi nu tujuanana ngontrol hiji sistem di masarakat.

Di Kabupatén Sukabumi, aya salasahiji sanggar seni anu masih ngahirup-huripkeun kasenian Sunda nyaéta Galeri Seni Gapura Emas jeung Sanggar Seni Calung Katresna. Perenahna di désa Nagrak Selatan, kacamatan Nagrak. Di ieu désa téh aya sababaraha kasenian Sunda nu masih jadi pintonan penting di *lingkung seni* jeung *sanggar seni*. Demi nu ngabédakeun antara *lingkung seni* jeung *sanggar seni*, nyaéta: *lingkung seni* mangrupa organisasi leutik nu ngan boga struktur organisasi internal sarta teu boga anak didik; sedengkeun *sanggar seni* mah ngahasilkeun anak didik dina widang kasenian.

Sababaraha *lingkung seni* nu kasohor di désa Nagrak Selatan, Nagrak-Sukabumi, nyaéta: *Lingkung Seni Calung Katresna*, *Lingkung Seni Réog Karbo*, *Lingkung Seni Wayang Golék Sinar Kumara*, *Lingkung Seni Wayang Golék Silih Asih*, *Lingkung Seni Dapur Tumaritis*, *Lingkung Seni Gandrung Gumiwang*. Ari *Sanggar Seni* nu pangkasohorna di Kacamatan Nagrak, hususna di lembur Nagrak Selatan nyaéta *Sanggar Seni Gapura Emas* jeung *Paguyuban Pencak Silat*.

Tina pedaran di luhur, katitén yén salaku mahluk sosial, dina kahirupan sapopoéna manusa ngayakeun interaksi jeung lingkunganana. Manusa miboga poténsi pikeun interaksi jeung sasamana anu ngahasilkeun kabudayaan, salasahijina ngawujud dina karya sastra. Karya sastra mangrupa gambaran kahirupan manusa atawa dokumén fiksi anu ngagambarkeun paripolah jalma dina ngalakonan kahirupan di masarakat. Harti sastra dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (KBBI) mah, nyaéta kasenian anu digelarkeun ngaliwatan basa. Dina salasahiji katerangan Khalifah Umar bin Khatab kantos nyarios yén “*Sok sina dialajar sastra anak-anak aranjeun, sabab sastra nyieun budak nu kecing jadi jujur tur wantér*”. Loba hal tur ajén kahirupan anu hadé sarta mangpaat anu aya dina hiji karya sastra, salasahijina dina sisindiran.

Sastra téh hiji kagiatan kréatif dina karya seni, biasana dihartikeun salaku karangan anu eusina ngagunakeun basa nu éndah tur hadé. Dina sastra nu penting lain basa anu éndah atawa carita anu ramé, tapi ajén senina. Ajén téh mangrupa ringkesan tina kecap ajian anu hartina aya ajianana, boga ajian, atawa jampé supaya dipihormat. Dina segi eusina, karya sastra umumna ngandung ajén-ajén anu aya patalina jeung ajaran moral (étika). Ajén-ajén éta aya dina rupa-rupa aspék kahirupan, saperti ajén agama, ajén filsafat, ajén norma-norma, ajén pulitik, ajén ékonomi, jeung ajén sosial-budaya.

Karya sastra Sunda anu sumebar téh kabagi dua, nyaéta aya karya sastra lisan jeung tulisan. Jaman kiwari geus loba karya sastra lisan anu ditransformasi kana wangun tulisan. Ieu hal dilakukeun sangkan karya sastra anu aya teu leungit kalindih ku jaman anu geus asup kana jaman “modern” téa. Dina wangun lisan mah karya sastra anu sumebar jeung ditransformasi kana wangun tulisan téh nyaéta sisindiran, wawangsalan, wawacan, dongéng, mitos, legenda, pantun, jsb.

Sastra lisan sisindiran anu geus ditransformasi kana wangun tulisan, diantaranya *Sisindiran*, dina wangun buku anu dikumpulkeun ku R.E. Bratakusuma jeung Mas Adinata, disarungsum ku M.A. Salmun taun 1979. *Bagbagan Sisindiran*, dina wangun buku karya Drs. Budi Rahayu Tamsyah taun 1997. *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar*, dina wangun buku karya Dédy Windyagiri taun 2011. Dina ieu buku aya leuwih ti 150 sisindiran jeung leuwih ti 200 wawangsalan, ditambah wawangsalan rinéka dangding pupuh Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula. Kabéhanana mangrupa sisindiran jeung wawangsalan anyar. Lian ti éta, aya ogé dina *Lima Abad Sastra Sunda Sebuah Antologi* Jilid I, karya Wahyu Wibisana, dkk. taun 2000 anu eusina ngeunaan sajarah sisindiran nu aya dina naskah kuno SSKK sarta jenis sisindiran anu aya, nyaéta paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan. *Sisindiran* (Inventarisasi Sastra Lisan Sunda) anu disusun ku Dr. Kalsum, M.Hum., saparakanca dina taun 2015.

Dina wangun panalungtikan, di pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI, aya skripsi “Media *Puzzle* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VII H SMPN 5 Bandung Tahun Ajaran 2013/2014)” (2014), karya Putri Sri Jayanti. Ieu panalungtikan didadasaran ku

pentingna media pangajaran dina kagiatan diajar jeung nulis, hususna nulis sisindiran.

Di pabukon UNPAD Fakultas Ilmu Budaya, aya skripsi anu judulna “Ekspresi Lokasional dalam Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran Berbentuk Sisindiran: Analisis Struktur dan Semantik” (UNPAD) anu ditalungtik ku Gan Gan Gumilar dumasar tiori morfologi, sintaksis, kaasup tiori kabasaan Djajasudarma, dkk (1994) jeung Alwi, dkk (2000). Aya ogé tésis anu judulna “Mitos Kecantikan Wanita Sunda dalam Sisindiran” (UNPAD), karya Moch. Ilham Anshory.

Nepi ka kiwari can aya anu husus medar ngeunaan sawangan hirup urang Sunda jeung étnopédagogik dina sisindiran. Sawangan hirup urang Sunda anu baheula bisa katitén tina hasil karya-karyana. Karya sastra anu ngahasilkeun kabudayaan anu turun-tinurun. Ieu hal saluyu jeung pamarekan Aziz dina Ruhaliah (2015) anu nétélakeun yén ciri umum hiji budaya téh nyaéta “*adanya nilai-nilai yang dipertahankan dan diwariskan antar generasi*”. Tina budaya bisa ngawujud kana kabudayaan anu jadi ciri has di masarakat. Aya tilu hal anu bisa ngawujudkeun budaya jadi kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat (cetakan ka-21, 2015), nyaéta: 1) Wujud kabudayaan salaku komplés tina ide-ide, gagasan, ajén, norma, aturan; 2) Wujud kabudayaan salaku kompléks aktivitas kalakuan anu miboga pola ti manusa dina masarakat; 3) Wujud kabudayaan salaku wangun-wangun hasil karya manusa.

Lian ti éta, aya ogé ajén étnopédagogik. Étnopédagogik téh mangrupa élmu anu dumasar kana budaya jeung adat kabiasaan masarakat anu dimumulé, supaya maju tur mekar sarta ngawujud jadi kahirupan anu unggul (Ruhaliah, 2015). Ajén étnopédagogik dina ieu panalungtikan bisa kapanggih basa geus kapaluruh ngeunaan katégori sawangan hirup urang Sunda tina téks sisindiran anu ditalungtik.

Dina maluruh katégori sawangan hirup urang Sunda, digunakeun tiori Kluckhohn anu dimekarkeun deui ku Warnaen. Ieu tiori medar ngeunaan kumaha hakékatna: 1) manusa ka dirina pribadi, 2) manusa ka papada manusa, 3) manusa ka alam sabudeureun, 4) manusa ka Pangéran, 5) manusa dina ngahontal

kasugemaan lahir, jeung 6) manusa dina ngahontal kasugemaan batin. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan “Sawangan Hirup Urang Sunda jeung Ajén Étnopédagogik dina Téks Sisindiran nu aya di Sanggar Seni Gapura Emas di Desa Nagrak - Sukabumi” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah anu baris dipedar diidéntifikasikeun sangkan bisa museur kana ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan katégori sawangan hirup urang Sunda jeung étnopédagogik dina téks sisindiran, sarta invéntarisasi sisindiran anu dipaké dina kasenian nu aya di Sanggar Seni Gapura Emas désa Nagrak Selatan. Ajén anu ditalungtikna nyaéta ngeunaan katégori sawangan hirup urang Sunda anu dirumuskeun dina lima masalah pokok kahirupan manusa tina tiori Kluckhohn anu dikembangkeun ku Warnaen jadi genep katégori.

Katégori sawangan hirup urang Sunda anu dimaksud nyaéta ngeunaan hakékat: (1) manusa ka dirina pribadi, (2) manusa ka papada manusa, (3) manusa ka alam sabudeureun, (4) manusa ka Pangéran, (5) manusa dina ngahontal kasugemaan lahir, jeung (6) manusa dina ngahontal kasugemaan batin.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya.

- 1) Téks sisindiran naon waé anu kapanggih di Sanggar Seni Gapura Emas?
- 2) Kumaha struktur sisindiran dina téks sisindiran anu kapanggih di Sanggar Seni Gapura Emas?
- 3) Sawangan hirup urang Sunda naon wae anu kapanggih tina téks Sisindiran di Sanggar Seni Gapura Emas?
- 4) Ajén étnopédagogik naon waé anu aya dina téks sisindiran di Sanggar Seni Gapura Emas?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah-masalah nu geus dirumuskeun, tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho katégori sawangan hirup urang Sunda sarta ajén étnopédagogikna tina téks sisindiran anu aya di Sanggar Seni Gapura Emas di Desa Nagrak Selatan Kacamatan Nagrak Kabupaten Sukabumi.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan, nyaéta:

- 1) ngumpulkeun téks sisindiran anu aya di Sanggar Seni Gapura Emas di Desa Nagrak Selatan-Sukabumi;
- 2) mikanyaho struktur sisindiran tina téks sisindiran anu aya di Sanggar Seni Gapura Emas di Desa Nagrak Selatan-Sukabumi;
- 3) mikanyaho katégori sawangan hirup urang Sunda tina téks sisindiran anu aya di Sanggar Seni Gapura Emas di Desa Nagrak Selatan-Sukabumi;
- 4) mikanyaho ajén étnopédagogik dina téks sisindiran anu aya di Sanggar Seni Gapura Emas di Desa Nagrak Selatan-Sukabumi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan sisindiran nu kungsi aya sarta nu masih kénéh aya di Sukabumi. Hasil kajianana bisa dijadikeun salasahiji réferénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya patula-patalina jeung ieu panalungtikan, utamana ngeunaan sisindiran.

1.4.2 Mangpaat pikeun nu Nyekel Kawijakan

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep aya parobahan kawijakan di widang pangajaran Sastra Sunda, sangkan siswa mikawanoh leuwih euyeub ngeunaan budaya Sunda ku cara diwanohkeun dina pangajaran di sakola. Ieu panalungtikan

ogé bisa jadi bahan tinimbangan pikeun milih bahan ajar anu saluyu jeung pangajaran di sakola.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga mangpaat sangkan sisindiran nu aya teu tumpur kalindih kamekaran jaman, ngamumulé budayana tur bisa nyokot mangpaat nu aya dina unggal sisindiran pikeun kahirupan. Salian ti éta, disusunna matéri ngeunaan sisindiran pikeun diwanohkeun ka siswa dina pangajaran basa Sunda di sakola-sakola.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Pikeun mahasiswa Program studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda, ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun ngayakeun panalungtikan saterusna.

Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi tur ngeuyeuban bahan pangajaran anu saluyu jeung pangajaran di sakola sarta luyu jeung pamedih kurikulum.

Pikeun siswa, bisa dijadikeun salasihiji sumber diajar tur méré pangaweruh nu leuwih ngeunaan pangajaran sisindiran;

Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh sarta mikanyaho leuwih loba ngeunaan katégori sawangan hirup urang Sunda jeung ajén étnopédagogikna, sarta bisa ngarancang bahan pangajaran anu luyu jeung matéri sisindiran di SMA.

Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan bisa jadi alat pikeun méré nyaho nu leuwih ngeunaan eusi salasihiji karya sastra Sunda, nya éta sisindiran.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika nulis ieu tésis diébréhkeun dina wangun saperti ieu di handap. BAB I Bubuka, anu nétélakeun ngeunaan Kasang Tukang Panalungtikan, Watesan jeung Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan tur Raraga Tulisan.

BAB II Tatapakan Tiori anu medar sajumlah tiori nu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis anu ditalungtik, diantaranya ngawengku ngeunaan Tiori Sisindiran, Katégori Sawangan Hirup Urang Sunda, jeung Ajén Étnopédagogik.

BAB III Métođe Panalungtikan anu ngawengku Métođe, Desain, Data jeung Sumber Data, Téhnik sarta Instrumén dina Panalungtikan.

BAB IV Analisis Hasil Panalungtikan anu medar ngeunaan hasil panalungtikan tina rumusan masalah sarta medar hasil analisis ngeunaan sawangan hirup urang Sunda jeung ajén étnopédagogik anu kapanggih tina téks sisindiran nu ditalungtik.

BAB V Kacindekan jeung Saran anu eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun tur saran nu aya patalina jeung panalungtikan.